

# Pran Prekosyon kont Anakè ki Fè Kwè y ap Travay pou Con Edison



## Men Kijan pou Rekonèt yon Vrè Anplwaye Con Edison

- Mande yo yon pyès Idantite. Sa pa vle di ou malpoli. Men sa vle di ou pridan.
- Vrè anplwaye ak kontraktyèl Con Edison yo genyen yon badj Idantifikasyon ki genyen foto ansanm ak non yo ak nimewo anplwaye yo a sou li.
- Y ap gen pou yo ba ou non sipèvizè yo a, nimewo “tikè” inik ki asiye pou djòb ou a, e y ap mande w pou rele nou nan nimewo 1-800-75-CONED. Se ak anpil pasyans y ap ret tann ou pandan w ap verifye.
- Anakè yo ka modifye Idantifyan moun ki rele w la pou yo afiche non nou. Si w gen dout, rakwoche apèl la epi rele nan 1-800-75-CONED (1-800-752-6633).

## Pa pran nan anak yo. Con Edison p ap JANM:

- Menase l ap koupe kouran oswa gaz ou san li pa montre w yon pyès idantite.
- Egzije peman imedyata grasa kat kado, kat prepeye tankou MoneyPak, Aplikasyon pou Lajan Kach tankou Zelle, oswa kriptomonè tankou bitcoin.
- Mande yon akont oswa peman pou yon kontè entèlijan.
- Dirije w pou peye fakti w sou nenpòt sit entènèt ki pa: [conEd.com](https://conEd.com), [conEd.com/GuestPayment](https://conEd.com/GuestPayment), oswa [webpayments.billmatrix.com/ConEdResidential](https://webpayments.billmatrix.com/ConEdResidential)

## Ou sispèk yon anakè?

**Rele lapolis.** Apresa rele nou nan 1-800-75-CONED (1-800-752-6633).

Pataje enfòmasyon sa a ak vwazen w, fanmi w, ak zanmi w (espesyalman ak sa ki pi vilnerab yo).

